

Sipòte lang ak alfabetizasyon

15 mwa: Enpòtans ritm, rim, ak chante

Pitit ou ap eseye anpil nouvo mo e li bezwen èd ou pou li ka di yo byen. Chante ak ti rim timoun yo ede pitit ou remake epi jwe ak son yo, ritm lan oswa mo yo, aprann pale ak yon ti vwa ki anime, epi aprann devine ki mo ki pral vini apre. Lè ou ede pitit ou eksplòre son ak ritm lang li, ou ap ede l aprann ladrès ki enpòtan pou aprann li, ekri, epi fòme imaj nan tèt li ak mo yo.

Konsèy ak Aktivite



**Soufle ti
boul
savon ak
lè pitit ou
pete yo, di
“Pop!”**



**Chante chante
ak jès, tankou
“The Itsy Bitsy
Spider”.**

**Envante ti rim
komik ak non pitit
ou, pa egzanp.
“Èske Matt te chita
sou chat la?”**



Jwèt “Ah-Choo” a:

Mete yon objè sou
tèt ou epi fè kòm si w
ap etènye fò, konsa
jwèt la ap tonbe soti
sou tèt ou.



**Li kèk paj nan
yon nouvo liv
apre nou fin li
youn li pi
renmen an!**



**Ede pitit ou aprann
mo ak son pandan li
ap deplase, lè ou
sèvi ak rim ak batman
men ritmik.**

Etap tipik langaj



Sèvi ak jès tankou bat men, bay papach, epi souke tèt li pou di “wi”

Ap itilize anpil diferan son konsòn nan kòmansman mo yo

Fè efò di 1–2 mo ki gen sans, lòt pase ‘mama’ oswa ‘dada’

Swiv enstriksyon yo lè yo bay yo ak jès ansanm ak mo

Lè yo mande l, li kapab lonje dwèt sou youn oswa plizyè pati nan kò li

Konprann 50 mo, men li ka poko kapab di yo

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.

.....



Pale ak founisè swen sante pitit ou a si pitit ou:

Pa kenbe kontak je

Pa fè okenn efò pou kominike

Pa reponn lè yo rele non li

Pa babye



Sous: Pathways.org

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)